



AJANS TRANSPÒ REJYONAL NAN SID ETA FLORID

AVI KONSÈNAN YON LODYANS PIBLIK AVÈK ENTANSYON POU ELIMINE WOUT OTOBIS FLA 2 SÒTI AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL FORT LAUDERDALE /HOLLYWOOD NAN ESTASYON DANIA BEACH POU RIVE PORT EVERGLADES

PALAPREZANT nou fè konnen ke nan reyinyon 22 me 2009 la, Konsèy administrasyon Ajans transpò rejyonal nan Sid Eta Florid (SFRTA) pral fè yon lodyans piblik a 9è:30 a.m. pou l resevwa dizon piblik la sou entansyon SFRETA pou l elimine trajè otobis FLA 2 sòti Ayewopò entènasyonal Fort Lauderdale/Hollywood la nan Estasyon Dania Beach, 500 Gulf Stream Way 33004, jiska Port Everglades. Tout moun oswa gwoup sitwayen envite pou patisipe nan reyinyon sa a e yo va genyen opòtinite pou prezante lide yo ak kòmantè yo, oswa y a kapab voye kòmantè alekri yo bay South Florida Regional Transportation Authority nan 800 NW 33rd Street, Suite 100, Pompano Beach, FL 33064. Men deskripsyon trajè nou gen lentansyon elimine a:

Deskripsyon: Trajè sèvis otobis FLA 2 derape nan Estasyon Dania Beach la pou rive Port Everglades kote genyen sèt (7) arè, epi yo retounen nan Estasyon Dania Beach la. Frekans trajè a se yon otobis chak èdetan pandan lè depwent yo maten kòm apremidi depi lendi rive vandredi, e yo fonksyone tout lajounen samdi ak dimanch.

Tout moun kit e renmen revize oswa resevwa yon kopi nenpòt sijè ki an rapò avèk lodyans piblik sa a dwe kontakte Biwo egzekitif SFRTA nan nimewo (954) 788-7917; si moun lan gen pwoblèm pou l tande, rele (800)273-7545 (TTY) pou jwenn asistans. Tout kòmantè alekri ap anrejistre nan dosye ofisyèl lodyans piblik la. Moun kit a renmen adrese yo ak Konsèy administrasyon a, nou mande yo pou yo ranpli yon «Kat patisipasyon (Appearance Card) e y ap akòde yo twa (3) minit pou yo adrese yo a konsèy la.

Selon Lalwa konsènan Ameriken ki andikape yo, paragraph 286.26 nan Konstitisyon Eta Florid la, moun andikape ki bezwen akomodasyon espesyal pou patisipe nan pwosedi reyinyon sa a dwe soumèt yon demann alekri 48è anvan reyinyon an bay Biwo egzekitif la nan adrès 800 NW 33rd Street, Suite 100, Pompano Beach, FL 33064, oswa rele nan nimewo (954) 942-7245 pou jwenn asistans; si l gen difikilte pou tande, rele nan nimewo (800) 273-7545 (TTY) pou jwenn asistans.

Tout moun ki deside konteste nenpòt desizyon Biwo administrasyon SFRTA pran konsènan nenpòt kesyon kit e debat pandan lodyans la, pral bezwen yon dosye deba yo e se poutèt sa li dwe asire l yo fè yon rapò fidèl, mo pou mo, tout deba yo. Dosye l la fèt pou posede temwayaj ak prèv ki jistifye kontestasyon l la.

Amwens yo fè yon chanjman nan tèks sa a, enfòmasyon sa a pral sèvi kòm avi final pou eliminasyon trajè otobis FLA 2 pou ale Port Evergladese.